

**Plan Leson : Mezire Tan Reyakson – dapre Paul Belony**  
**Laboratwa fizik**  
**Inisyativ MIT-Ayiti | <http://haiti.mit.edu>**

**Sijè :** Tan reyakson (aktivite dekouvèt)

**Nivo Etidyan :** 1e ane nouvo segondè (klas twazyèm segondè)

**Kantite tan n ap bezwen :** 1 è d tan

**Objektif aprantisaj:**

1. Aplike ekwasyon sinematik pou detèmine tan reyakson
2. Konpare tan reyakson elèv yo nan klas la
3. Dekouvri diferans nan tan reyakson apre siyal vizyèl ak siyal odyo

**Aktivite aprantisaj :** Envestigasyon – Siyal vizyèl ak siyal odyo pou detèmine tan reyakson

# 1, 2, 3 :      Envestigasyon – itilize yon règ, vwa, ak vizyon pou detèmine tan reyakson

**Resous :**

Règ, twal pwès pou bande je

**Evalyasyon :**

# 1, 2, 3 : **Rapò lab :** elèv yo ap rapòte mezi, rezoud pwoblèm, epi reponn kesyon sou sa yo dekouvri.

## Mezire tan reyakson

Aprantisaj aktif – Pran 25 goud avèk de dwèt

Pran l si w kapab!



Fòme gwoup de pa de.

Plase pwent yon biyè 25 goud tou nèf nan mitan dwèt endéks ak majé kolèg ou (tou long vétikalman).

Lage kòb la, apre sa, kolèg ou ap reyaji pou l kenbe l avèk dwèt yo.

Si kolèg ou rate, se tou pà w pou w trape k

N ap fè senk pase si pa gen moun ki trape



*Paul Belony (a goch) ak Ruthly François (a dwat) nan yon demonstrasyon.*

*« Èske w ka trape, nan fant dwèt ou, yon biyè lajan apre w fin wè lè l ap tonbe? »*

**Zouti:** Règ, twal pwès pou bande je

**Objektif:** Kalkile tan reyakson ann apre yon siyal vizyèl ak yon siyal odyo.

### Entwodiksyon :

An n di w ap mache epi yon mango sòti an wo pye mango a pou l al tonbe sou tèt ou. Gen kèk endis ki ka fè w detekte mango a k ap vini tonbe sou tèt ou a. Youn se si ou wè mango a ap vini. Yon lèt se si ou tande mango a k ap frape fèy yo pou l vin jwenn ou. Nan ki sitiyasyon, pami 2 sa yo, ke w ka gen tan eskive mango a pi vit ? Nan egzèsis sila a, nou pral kolekte done pou n ka reponn kesyon sa a.

### Kalkile tan reyakson selon estimilan vizyèl :

Yon moun ap kenbe yon règ devan men w. Kite men an kore sou yon tab pou l pa desann al jwenn règ la pandan kanmarad la ap lage règ la.

1. Kanmarad la ap plase règ la nan mitan pwent dwèt endèks ak majè w.
2. W ap louvri dwèt yo epi kite je w sou règ la.
3. Mezire pozisyon inisyal règ la ; sa vle di, mak nan règ la ki nan pozisyon sou do dwèt ou.
4. Kanmarad la ap lage règ la san l pa di w ni fè w siy ki lè l ap lage l.
5. Atrap règ la nan menm moman ou reyalize l ap desann lan.
6. Note pozisyon kote w atrap règ la ; ki vle di mak nan règ la ki sou do dwèt ou.
7. Fè sa pandan 5 fwa.
8. Repete pwosedi sa yo pandan w chanje men.
9. Èske ou note yon diferans nan tan reyakson pou chak men yo ?
10. Kounye a, chanje plas avèk kanmarad ou a epi repete menm pwosedi yo.

***Kalkile tan reyakson selon estimilan odyo :***

Pou pati sa a, w ap bouche je w epi kanmarad ou a ap fè yon son pandan li lage règ la. Diskite avèk kanmarad ou a sou ki son n ap chwazi. Son an dwe senp. Men kèk egzanp son : « Wi », « Men », « E », e latrige...

1. Kanmarad la ap plase règ la nan mitan pwent dwèt endèks ak majè w.
2. Kanmarad la ap mezire pozisyon inisyal règ la — sa vle di : mak nan règ la ki nan pozisyon sou do dwèt ou.
3. Kanmarad la ap lage règ la pandan l ap fè son ke w te antann avèk li a.
4. Atrap règ la nan menm moman ou tande son an.
5. Kanmarad la ap note pozisyon kote w atrap règ la.
6. Fè sa pandan 5 fwa.
7. Repete pwosedi sa yo pandan w chanje men.
8. Èske ou note yon diferans nan tan reyakson pou chak men yo ?
9. Kounye a, chanje plas avèk kanmarad ou a epi repete menm pwosedi yo.

***Sentèz :***

1. Konpare rezulta yo ni pou ou menm ni pou kanmarad ou a.
2. Èske gen diferans ant tan reyakson vizyèl ak tan reyakson odyo ?
3. Èske tan reyakson pa w se menm avèk pa kanmarad ou a ?
4. Pataje rezulta w yo avèk rès klas la. Ki sa w ka konkli pou tan reyakson sa yo ?